



Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ka gen dwa pou resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl ak pwogram DOE dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la. Sèvis sa yo ede yon elèv ki gen bezwen sante pou patisipe nan lekòl sou yon baz egal tankou kamarad li ki pa gen andikap. Pa egzanp: yo ka bay elèv ki gen yon kondisyon medikal medikaman nan lekòl la dapre enstriksyon founisè swen sante li, oswa elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa tande ka chita tou pre tablo a.

Biwo Sante Lekòl revize demand akomodasyon medikal chak ane lekòl pou konfime si pitit ou bezwen sèvis ak / oswa akomodasyon nan lekòl la, epi pou mete lekòl la okouran nenpòt chanjman ki fèt pou asire yo satisfè bezwen pitit ou a.

Pou prepare pou ane lekòl kap vini an, tanpri:

- mande founisè swen sante pitit ou a ranpli Fòm pou bay medikaman dyabèt la oswa Fòm pou bay medikaman an (atache yon ti foto resan nan kwen anlè agòch la) ak Fòm demann akomodasyon medikal la.
- Voyer Fòm pou bay medikaman dyabèt la oswa Fòm pou bay medikaman an lè yo fin ranpli bay enfimyè lekòl la byen bonè depi **1ye jen 2021, oswa pi vit posib** pou asire pitit ou a resevwa sèvis yo dwe resevwa nan kòmansman ane lekòl 2021-2022 a.
- voye Fòm demann akomodasyon medikal la ki fin ranpli bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a, ansanm avèk Fòm demand paran ak HIPAA pou mande akomodasyon pou edikasyon ak lòt anndan lekòl la.

Men kòman ou ka voye fòm medikal ale apre fen ane lekòl la:

Fòm pou bay medikaman pou dyabèt:

**Fakse** | nan:

347-396-8945 (Bronx & Manhattan)  
347-396-8933 (Brooklyn & Staten Island)  
347-396-8932 (Queens)

Oswa

**Poste** | pou:

Attn: DMAF Coordinator  
New York City DOHMH  
Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714

Tout lòt fòm MAF

**Poste** | pou:

Attn: Director of Nursing  
New York City DOHMH  
Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714

Oswa

**Voye** | **pa imèl** pou borough kote pitit ou a prale lekòl la:

BronxMAF@schools.nyc.gov  
BrooklynMAF@schools.nyc.gov  
ManhattanMAF@schools.nyc.gov  
QueensMAF@schools.nyc.gov  
StatenIslandMAF@schools.nyc.gov